

Anvan yon entèvansyon, fanmi yo dwe:

- **Idantifye yon òganizasyon lokal ki pa sou fè lajan, ki kapab ede w.**
Chèche jwenn enfòmasyon sou moun nan kominote w la, ki bay sèvis èd jiridik gratis (pa egzanp, defansè ki espesyalize nan kesyon imigrasyon, òganizasyon èd jiridik yo, legliz yo oswa sant èd sosyal yo).
- **Idantifye yon avoka.** Depi alavans, chèche jwenn non ak nimewo telefòn yon avoka yo fè konfyans epi ki espesyalize nan kesyon imigrasyon, epi kenbe enfòmasyon sa yo sou ou toutan.
- **Jwenn yon kat "konnen dwa w genyen yo".** Kat sa yo fè konnen ou vle egzèse dwa w genyen pou rete an silans epi ou vle pale avèk yon avoka. Non ak nimewo telefòn avoka w la dwe ekri sou kat la.
- **Nan ka kote gen entèvansyon, fè moun nan fanmi w ki pa vle pou ajan ICE yo poze yo kesyon rete lwen kote yo ap fè entèvansyon an ak kote yo kenbe prizonye yo.**
- **Kòmanse ekonomize lajan.** W ap bezwen lajan pou anboche yon avoka epi pou w achte atik twalèt ak manje pandan w nan detansyon an. Li pi bon pou w kòmanse ekonomize kounye a.
- **Kreye yon plan dijans pou fanmi an nan ka kote gen yon entèvansyon.** Pou w konn kijan pou w fè plan w lan, gade nan "Gid Jèn Imigran pou Edikasyon ak Manm Pèsonèl Sipò" a sou www.aft.org/immigration.

Kesyon fanmi yo dwe poze pou prepare yo pou yon entèvansyon sèvis imigrasyon

- Ki moun ki ap pran swen timoun mwen yo (manm fanmi epi/oswa responsab legal)?
- Ki moun ki kapab siyen yon pwokirasyon?
- Ki moun ki ap gen aksè nan byen mwen yo (kont bank, machin, kay, elatriye)?
- Kijan epi ki kote mwen kapab jwenn èd jiridik? Ki fòm mwen dwe genyen tou pare pou m kapab resevwa èd jiridik sa a?
- Kijan mwen kapab jwenn moun ki pwòch mwen yo nan detansyon an?
- Ki dwa yon moun ki nan detansyon genyen?
- Kijan pou m konnen si moun ki pwòch mwen an kapab peye kosyon an?
- Kijan mwen kapab kolekte fon pou peye yon kosyon oswa sèvis jiridik yon avoka?
- Kisa mwen kapab fè pou ede moun ki pwòch mwen an?
- Ki moun oswa ki òganizasyon ki kapab ede m?

**Konnen
dwa w
genyen yo**
**Enfòmasyon pou
elèv yo ak fanmi yo**



- 1 IFè elèv yo ansanm ak fanmi yo konnen dwa yo genyen.
- 2 Mete aksan sou enpòtans sa genyen pou yo pran yon seri mezi pwo-aktif yon fason pou asire sekirite ak byennèt timoun yo ak tout kominote yo.
- 3 Distribiye dokiman "konnen dwa w genyen yo" bay elèv yo ak moun nan kominote yo pou konnen sa pou yo si gen yon entèkansyon oswa si yo kenbe yon moun nan detansyon.
- 4 Chèche jwenn enfòmasyon pou konnen si gen yon ekip entèkansyon rapid lokal nan ka yon entèkansyon imigrasyon nan kominote w la. An jeneral nan ekip sa yo gen avoka, pwofesyonèl nan medya ak responsab lokal ki kapab bay èd yo.
- 5 Asosye w avèk yon avoka benevòl, yon òganizasyon ed jiridik oswa yon òganizasyon ki ap defann dwa imigran yo pou òganize yon atelye travay sou "konnen dwa w genyen yo" sou kanpis la, yon fa-son pou fè elèv yo ak fanmi yo konnen dwa yo genyen.
- 6 Prevwa yon kote ki sekirize pou elèv yo ret tann si yo arete yon paran oswa yon frè oswa sè yo.
- 7 Bay konsèy pou elèv ki gen manm fanmi yo ajan ICE yo kenbe nan detansyon.
- 8 Kenbe yon lis resous, tankou non avoka ki se travayè sosyal benevòl yo ak avoka epi òganizasyon nan kesyon imigrasyon lokal yo, ki kapab pale an-sanm ak elèv yo epi fanmi yo.
- 9 Idantifye yon moun nan lekòl ou a ki kapab sèvi kòm defansè resous nan kesyon imigrasyon nan bilding ou an oswa sou kanpis ou a.
- 10 Travay ak paran yo pou kreye yon plan dijans pou fanmi an nan ka kote gen yon entèkansyon.
- 11 Fè lekòl ou a tounen yon zòn sekirize ki san ajan ICE, lè w ensiste sou yon seri politik ki ap pwoteje vi prive ak dosye elèv yo.
- 12 Travay ak konseye eskolè w la pou adopte yon re-zolisyon ki montre lekòl yo se yon kote ki sekirize ak yon espas aprantisaj akeyan pou tout elèv yo, lè w depase yon seri mezi aplikasyon ki separe fanmi yo.
- 13 Pibliye yon seri deklarasyon ki kondane kesyon entèkansyon yo epi mande pou yo libere elèv yo san pèdi tan.
- 14 Patisipe nan gwoup lokal ki ap defann dwa sivik, dwa moun ak dwa imigran yo, epi kreye yon lis re-sous pou ede elèv ki san papye yo gen aksè nan bousdetid prive, nan asosyasyon ak opòtinite travay.
- 15 Pran angajman pou soutni epi travay ak elèv an-sanm ak fanmi ki san papye yo.

Timoun ki se Imigran epi Refijye

15 Bagay
edikatè, manm pèsònèl pou sipò eskolè
ak kominote yo kapab fè pou pwoteje
elèv ak fanmi ki san papye yo

Pou jwenn zouti adisyonèl ak modèl rezolisyon pou kreye anviwònman ki an sekirite ak akeyan pou tout elèv yo, vizite www.aft.org/immigration/ICeraid.

Mèsi.



Mèsi.



Mèsi.



Mèsi.



Mèsi.



Mèsi.



Mèsi.



Mèsi.



Mèsi.



Mèsi.

SA POU W FÈ SI ICE VIN FRAPE PÒT KAY OU



PA OUVRI PÒT LA

ICE pa kapab antre lakay ou san yon manda siyen yon jij nan tribinal krim-inèl bay. Yo kapab antre sèlman si w kite yo antre.



RETE AN SILANS

ICE kapab itilize nenpòt bagay ou di kont ou nan dosye imigrasyon w lan, kidonk, reklame dwa w genyen pou rete an silans!

*Di: "Mwen plede Senkyèm Amandman an epi mwen chwazi rete an silans."



PA SIYEN

Pa siyen okenn bagay ICE ba ou san w pa pale ak yon avoka.



RAPÒ AK ANREJISTREMAN!

Report immediately: UWD hotline 1-844-363-1423.

Fè foto ak videyo, sof si ou twouve w sou yon pwopriyete ofisyèl gou-vènman an. Note nimewo badj yo, kantite ajan ki genyen an, lè a, kalite machin yo vini an ak sa ki te pase a egzaktman!



REYAJI!

Chèche jwenn yon avoka yo fè konfyans, epi egzamine tout opsyon posib pou defann ka w la. Si yo kenbe w nan detansyon, ou kapab jwenn libera-syon sou kosyon - pa pèdi espwa! Rejwenn ekip lokal ou a pou defann ou kont aplikasyon lwa a!

unitedwedream.org/end

 **United We Dream**

Kreye yon plan dijans pou fanmi an nan ka kote gen yon entèvansyon imigrasyon

Gen kèk paran ki gen risk depòtasyon ki kapab retisan pou òganize yon plan dijans oswa pou menm pale ak timoun yo konsènan risk pou yo vin separe, men, li vrèman enpòtan pou prepare nou. Yon plan dijans kapab ede w diminye enkyetid akòz sa w pa konnen, li kapab ogmante posibilite pou fanmi yo rete ansanm nan ka kote vin gen separa-syon, epi li kapab pèmèt timoun yo pa antre nan sistèm pwoteksyon timoun nan san rezon. Paran yo dwe kreye yon plan epi yo dwe pale sou plan sa a ak timoun yo toutotan sa posib. Pa ret tann—montre w pwo-aktif epi planifye alavans.

Pou kòmanse:

Sèt (7) etap pou prepare fanmi w pou yon entèvan-syon sèvis imigrasyon

- 1 Idantifye yon òganizasyon èd jiridik, yon avoka os-wa yon avoko benevòl, epi ekri enfòmasyon pou kontakte òganizasyon oswa moun nan.
- 2 Idantifye omwen de (2) responsab swen volontè epi ekri enfòmasyon pou kontakte yo.
- 3 Rasanble dokiman enpòtan konsènan timoun yo, tankou paspò, sètifika nesans, kat Sekirite Sosyal, ak dosye lekòl epi medikal yo.
- 4 Ekonomize lajan pou frè/kosyon jiridik. Ekri enfòmasyon konsènan dosye finansye, relve bankè, kont epay, kat kredi w yo, elatriye.
- 5 Reflechi ak posibilite pou bay yon responsab swen ou deziyen pwokirasyon, epi bay granmoun sa a otorizasyon pou pran swen timoun ou genyen ki poko gen 18 lane.
- 6 Pa mache ak okenn fo dokiman.
- 7 Prepare epi òganize dokiman w yo: paspò, pyès idantite, enfòmasyon pou kontakte avoka, dokiman finansye, lèt imigrasyon voye, ak Nimewo Anrejistremant Etranje ou a, oswa A-Number, si w gen yon dosye imigrasyon ki annatant. Tout dokiman sa yo dwe ranje nan yon dosye oswa yon klasè, yon fason pou w jwenn yo byen fasil, nan yon espas kote timoun ou yo, kolokatè w yo oswa manm fanmi ou fè konfyans yo ap kapab jwenn yo nan ka kote gen yon ijans.

